# ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ХАЛЫҚ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРИНИҢ БУЙРЫҒЫ

**Халық билимлендириў тараўында шахматты жәнеде раўажландырыў ҳәм ғалабаластырыў ис-илажлары ҳаққында»**

Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2021-жыл 14-январь күнги ***"Шахматты жәнеде раўажландырыў ҳәм ғалабаластырыў ҳәмде шахматшыларды таярлаў тараўын жетилистириў ис-илажлары ҳаққында"***ғы ПК-4954-санлы қарарында белгиленген ўазыйпалардың срынланыўын тәмийинлеў ҳәмде халық билимлендириў тараўында шахматты кеңирек үгитлеў ҳәм оны ғалабалық спорт түрине айландырыў, өсип киятырған жас әўладтың интеллектуал ҳәм мәдений раўажланыўы ушын зәрүр шәрт-шараятларды жаратыў мақсетинде

**БУЙЫРАМАН:**

1. Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2021-жыл 18-январь күнги 12-санлы буйрығы басшылыққа алынсын ҳәм орынланыўы тәмийинленсин.
2. Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2021-жыл 14-январь күнги "Шахматты жәнеде раўажландырыў ҳәм ғалабаластырыў ҳәмде шахматшыларды таярлаў тараўын жетилистириў ис-илажлары ҳаққында"ғы ПК-4954-санлы қарары (кейинги орынларда Қарар деп аталады) министр орынбасарлары, министрликтиң бөлимлери, барлық район (қала)лық халық билимлендириў бөлимлери баслықлары ҳәм Республикалық улыўма орта билимлендириў мәкемелери директорлары тәрепинен басшылыққа алынып, орынланыўын тәмийинлеў ушын қабыл етилсин.
3. Өзбекстан Республикасы ҳәм басқа мәмлекетлердиң басламасы менен 2019-жыл 2-декабрь күни Бирлескен Миллетлер Шөлкеми бас Ассамблеясының шахматты раўажландырыў бойынша арнаўлы резолюциясы қабыл етилгенлиги ҳәм усы резолюцияға муўапық, 20-июль пүткил дүнья жүзилик шахмат күни деп жәрияланғанлығы мағлыўмат ушын қабыл етилсин.
4. **Қарар ҳәм усы буйрыққа муўапық:**

- Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2018-жыл 9-август күнги "Өзбекстан Республикасында шахматты раўажландырыў бойынша қосымша ис-илажлары ҳаққында"ғы ПК-3906-санлы қарары менен 150 (Қарақалпақстан Республикасында 7) улыўма орта билим бериў мектеплериниң оқыўшыларын, тәжирийбе сынаў мақсетинде шахмат бойынша оқытыўды шөлкемлестириў әмелиятын кеңейтиў ҳәм усы мүнәсибет пенен және қосымша 150 (соннан, Қарақалпақстан Республикасы бойынша 10) улыўма орта билим бериў мектебиниң шахматқа қәнигелестирилиўи соның менен бирге, усы мектеп оқыўшыларын тереңлестирилген ҳалде шахматқа оқытылыўы;
- таңлаў тийкарында 1000 (соннан, Қарақалпақстан Республикасы бойынша 70) улыўма орта билим бериў мектеплеринде 2, 3, 4-класс оқыўшыларын "Дене тәрбия" пәни шеңберинде 18 саатлық реже тийкарында шахматқа оқытыўдың жолға қойылыўы ҳәмде оларға методикалық жәрдем көрсетилиўи;

қалған барлық улыўма орта билим бериў мектеплеринде 2, 3, 4-класс оқыўшыларын "Дене тәрбия" пәни шеңберинде шахматқа оқытыў ҳаққындағы усынислары қабыл етилгенлиги;

- 2025-2026-оқыў жылынан баслап, улыўма орта билим бериў мектеплериниң 2, 3, 4-класс оқыўшыларын "Дене тәрбия" ҳәм "Математика" пәнлери шеңберинде, 36 саатлық реже тийкарында шахматқа оқытыў системасына өтилиўи (екинши басқыш);
- Өзбекстанда шахматты жедел раўажландырыў бойынша республика кеңеси қурамы ҳәмде Қарақалпақстан Республикасы, ўәлаятлар ҳәм Ташкент қаласында шахматты жедел раўажландырыў бойынша аймақлық исши топарлардың үлгили қурамы тастыйықланғанлығы инабатқа алынсын.

5. **Төмендегилер:**

- Халық билимлендириў тараўында шахматты 2025-жылға шекем раўажландырыў мәмлекетлик бағдарламасын 2021-жылда әмелге асырыў бойынша "Жол картасы" 1-қосымшаға муўапық;
- Халық билимлендириў тараўында шахматты 2025-жылға шекем раўажландырыўдың мақсетли көрсеткишлери (индикаторлары) 2-қосымшаға муўапық;
- Қарақалпақстан Республикасында шахматқа қосымша қәнигелестирилген 10 улыўма орта билим бериў мектеплериниң дизими 3-қосымшаға муўапық;
- Улыўма орта билим бериў мектеплериниң 2, 3, 4-класс оқыўшыларын шахматқа оқытыў енгизилип атырған 70 мектептиң дизими 4-қосымшаға муўапық тастыйықлансын.

6. **Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлиги тәрепинен:**

- Улыўма орта билим бериў мектеплериниң оқыўшылары ҳәм "дене тәрбия" пәни оқытыўшылары арасында ҳәр жылы шахмат бойынша республика бириншилигин өткериў бойынша жарыс Режеси ислеп шығылатуғынлығы;
- Өзбекстан Республикасы Дене тәрбия ҳәм спорт министрлиги ҳәмде Өзбекстан шахмат федерациясы менен биргеликте 2021-жыл 1-март сәнесинен баслап улыўма орта билим бериў мектеплериниң **"дене тәрбия" пәни оқытыўшы**ларының шахмат бойынша қәнигелигин асырыў илажлары көрилетуғынлығы;
- Өзбекстан Республикасы Дене тәрбия ҳәм спорт министрлиги ҳәмде Өзбекстан шахмат федерациясы менен биргеликте улыўма орта билим бериў мектеплеринде шахматқа оқытыў мақсетинде "дене тәрбия" пәни оқытыўшылары ҳәмде қызығыўшылық билдирген шахсларды шахмат бойынша қысқа мүддетли курсларда қайта таярлаў ҳәм қәнигелигин асырып барыў системасын енгизиў ушын тийисли оқыў бағдарламалары ислеп шығылатуғынлығы мағлыўмат ушын қабыл етилсин.

7. **Өзбекстан «Ёшлик» дене тәрбия ҳәм спорт жәмийети Қарақалпақстан бөлими баслығы орынбасары (Б.Байниязов), барлық район (қала)лық халық билимлендириў бөлимлери баслықлары ҳәм Республикалық улыўма орта билимлендириў мәкемелери директорларына:**

- Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигине қараслы 70 улыўма орта билим бериў мектеплеринде 2, 3, 4-класс оқыўшыларын шахмат ойынына үйретиў ушын 18 саатлық оқыў реже, сондай-ақ, шахматқа қәнигелестирилип атырған қосымша 10 улыўма орта билим бериў мектебинде шахматқа оқытыў бойынша айрықша бағдарлама ҳәмде қалған барлық улыўма орта билим бериў мектеприниң 2, 3, 4-класс оқыўшыларын "Дене тәрбия" пәни шеңберинде шахматқа оқытыў бойынша билимлендириў бағдарламалары тийкарында өтилиўин қадағалаў;
- **"Мектепте шахмат"** жойбарын әмелге асырыў ҳәмде усы мүнәсибет пенен улыўма орта билим бериў мектеплеринде басланғыш класс оқыўшылары ушын шахматқа

оқытыў тараўын жәнеде раўажландырыў арқалы оқыўшылар санын жылдан-жылға асырып барыў илажларын көриў;

- Улыўма орта билим бериў мектеплериниң оқыўшылары ҳәм мектеплери арасында **турнир**лер өткериў;
- Улыўма орта билим бериў мектеплеринде шахмат бойынша республикалық ҳәм халықаралық жарыслардың жеңимпазларын, халықараралық гроссмейстерлерди, халықаралық дәрежедеги спорт шеберлерин, халықаралық атақларға ийе болған тренер ҳәм төрешилерди тартқан ҳалда **"Шахмат айлығын"** жоқары дәрежеде өткериў;
- Улыўма орта билим бериў мектеплериниң оқыўшылары арасында шахмат бойынша командалық **"Шохрух"** турнирин шөлкемлестириў;
- Улыўма орта билим бериў мектеплериниң оқыўшылары ҳәм "Дене тәрбия" пәни оқытыўшылары арасында шахмат бойынша республика биринщилигиниң төменги басқышларын өткериў;
- 2021-жылдан баслап июнь-август айлары даўамында мәҳәлле балалары арасында **"Мәҳәлле кубогы"** шахмат жарысларын шөлкемлестириўде тийисли шөлкемлер менен бирге ислесиў;
- **Бир ай даўамында** шахматты 2021-жылда раўажландырыўды жаңа басқышқа алып шығыў бойынша мәнзилли аймақлық бағдарламаларды ислеп шығыў ҳәм министрликке киритиў сондай-ақ, оның толық ҳәм сапалы орынланыўы бойынша турақлы түрде мониторинг орнатыў ўазыйпалары жүклетилсин.

8. **Министрликтиң физикалық ҳәм юридикалық шахслардың мүрәжәәтлары менен ислесиў бөлими (Қ.Бекбаулиев)не:**

- усы буйрықты бир күн мүддетте район (қала)лық халық билимлендириў бөлимлерине, Республикалық улыўма орта билимлендириў мәкемелерине жеткериў ўазыйпасы жүкленсин.

9. Министрликтиң баспа сөз хызмети **(Т.Даўлетмуратов)не:**

- усы қарар ҳәм буйрық пенен берилген тапсырмалар бойынша әмелге асырылып атырған жумысларды, сондай-ақ, өткерилетуғын спорт илажларынан көринислерди министрликтиң расмий веб-сайты (***kkedu.uz***)на жайластырып, кең жәмәәтшиликке жәриялап барыў ўазыйпасы тапсырылсын.

10. Усы буйрықтың орынланыўын қадағалап барыўды өзимде қалдыраман.

QORAQALPOG'ISTON RESPUBLIKASI XALQ TA'LIMI VAZIRLIGI / QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASI XALIQ BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI

**Министр** **Р.Реимов**

Нөкис қаласы

«05» Февраль 2021-жыл

№ 35

Қарақалпақстан Республикасы
Халық билимлендириў министрлигиниң
2021-жыл "5" – февраль күнги
"35"-санлы буйрығына 3-қосымша

**Қарақалпақстан Республикасында шахматқа қосымша қәнигелестирилген Халық билимлендириў министрлигине қараслы 10 улыўма орта билим бериў мектеплериниң дизими**

| № | Аймақ | Қала, район | Улыўма орта билим бериў мектеби |
|---|---|---|---|
| 1 | Қарақалпақстан Республикасы | Нөкис қаласы | 12-санлы мектеп |
| 2 | | Әмиўдәрья районы | 3-санлы мектеп |
| 3 | | Бозатаў районы | 4-санлы мектеп |
| 4 | | Беруний районы | 11-санлы мектеп |
| 5 | | Қанлыкөл районы | 22-санлы мектеп |
| 6 | | Хожели районы | 16-санлы мектеп |
| 7 | | Мойнақ районы | 3-санлы мектеп |
| 8 | | Шоманай районы | 6-санлы мектеп |
| 9 | | Нөкис районы | 13-санлы мектеп |
| 10 | | Елликқала районы | 49-санлы мектеп |

Қарақалпақстан Республикасы
Халық билимлендириў министрлигиниң
2021-жыл "5" – февраль күнги
"35"-санлы буйрығына 4-қосымша

**Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигине қараслы улыўма орта билим бериў мектеплериниң 2, 3, 4-класс оқыўшыларын шахматқа оқытыў енгизилип атырған 70 мектептиң дизими**

| № | Қала, район | Улыўма орта билим бериў мектеби | № | Қала, район | Улыўма орта билим бериў мектеби |
|---|---|---|---|---|---|
| 1 | Нөкис қаласы | 1-санлы мектеп | 39 | Қоңырат районы | 7-санлы мектеп |
| 2 | | 15-санлы мектеп | 40 | | 10-санлы мектеп |
| 3 | | 17-санлы мектеп | 41 | | 37-санлы мектеп |
| 4 | | 28-санлы мектеп | 42 | | 35-санлы мектеп |
| 5 | Әмиўдәрья районы | 9-санлы мектеп | 43 | | 39-санлы мектеп |
| 6 | | 13-санлы мектеп | 44 | Мойнақ районы | 1-санлы мектеп |
| 7 | | 29-санлы мектеп | 45 | | 4-санлы мектеп |
| 8 | | 32-санлы мектеп | 46 | | 6-санлы мектеп |
| 9 | Бозатаў районы | 1-санлы мектеп | 47 | | 12-санлы мектеп |
| 10 | | 7-санлы мектеп | 48 | Нөкис районы | 10-санлы мектеп |
| 11 | | 11-санлы мектеп | 49 | | 14-санлы мектеп |
| 12 | Беруний районы | 38-санлы мектеп | 50 | | 15-санлы мектеп |
| 13 | | 40-санлы мектеп | 51 | | 18-санлы мектеп |
| 14 | | 47-санлы мектеп | 52 | Тақыятас районы | 2-санлы мектеп |
| 15 | | 49-санлы мектеп | 53 | | 6-санлы мектеп |
| 16 | | 65-санлы мектеп | 54 | | 17-санлы мектеп |
| 17 | Қанлыкөл районы | 1-санлы мектеп | 55 | | 18-санлы мектеп |
| 18 | | 14-санлы мектеп | 56 | Тахтакөпир районы | 5-санлы мектеп |
| 19 | | 15-санлы мектеп | 57 | | 7-санлы мектеп |
| 20 | | 20-санлы мектеп | 58 | | 10-санлы мектеп |
| 21 | Хожели районы | 2-санлы мектеп | 59 | | 13-санлы мектеп |
| 22 | | 6-санлы мектеп | 60 | Төрткүл районы | 5-санлы мектеп |
| 23 | | 26-санлы мектеп | 61 | | 22-санлы мектеп |
| 24 | | 29-санлы мектеп | 62 | | 30-санлы мектеп |
| 25 | | 33-санлы мектеп | 63 | | 42-санлы мектеп |
| 26 | Елликқала районы | 14-санлы мектеп | 64 | Шымбай районы | 10-санлы мектеп |
| 27 | | 19-санлы мектеп | 65 | | 21-санлы мектеп |
| 28 | | 22-санлы мектеп | 66 | | 36-санлы мектеп |
| 29 | | 30-санлы мектеп | 67 | | 43-санлы мектеп |
| 30 | | 56-санлы мектеп | 68 | Шоманай районы | 1-санлы мектеп |
| 31 | Қараөзек районы | 1-санлы мектеп | 69 | | 16-санлы мектеп |
| 32 | | 8-санлы мектеп | 70 | | 19-санлы мектеп |
| 33 | | 26-санлы мектеп | | | |
| 34 | | 28-санлы мектеп | | | |
| 35 | Кегейли районы | 3-санлы мектеп | | | |
| 36 | | 12-санлы мектеп | | | |
| 37 | | 20-санлы мектеп | | | |
| 38 | | 22-санлы мектеп | | | |

Қарақалпақстан Республикасы
Халық билимлендириў министрлигиниң
2021-жыл 5 -февраль күнги
35 -санлы буйрығына
1 - қосымша

**Халық билимлендириў тараўында шахматты 2025-жылға шекем раўажландырыў мәмлекетлик бағдарламасын 2021-жылда әмелге асырыў бойынша "Жол картасы"**

*(Тийкар: Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2021-жыл 18-январь күнги 12-санлы буйрығы)*

| № | Әмелге асыралатуғын жумыслар | Орынлаў механизми | Орынланыў мүддети | Қаржыландырыў дереги | Жуўапкер орынлаўшы |
|---|---|---|---|---|---|
| 1 | **«Мектепте шахмат»** жойбарын әмелге асырыў, оның шеңберинде улыўма орта билим бериў мектеплеринде басланғыш класс оқыўшылары ушын шахматқа оқытыў тараўын жәнеде раўажландырыў арқалы оқыўшыларды қамтыўды жылдан-жылға асырып барыў, оқыўшылар ҳәм мектеплер арасында турнирлер өткериў. | 1. 2021-2022-оқыў жылынан баслап таңлаў тийкарында 70 улыўма орта билим бериў мектеплеринде 2-3-4-класс оқыўшыларын "Дене тәрбия" пәни шеңберинде 18 саатлық реже тийкарында шахматқа оқытыўды жолға қойыў.<br>2. 70 улыўма орта билим бериў мектебиниң 2-3-4-класс оқыўшыларын шахматқа үйретиў ушын 18 саатлық оқыў режесин ислеп шығыў.<br>3. Улыўма орта билим бериў мектеплерин оқыў қолланба, магнитли доска, шахмат тахтасы, фигуралары, сааты ҳәм басқа зәрүр буйым (инвентар)лар менен тәмийинлеў.<br>4. Улыўма орта билим бериў мектеплеринде шахматқа оқытыў мақсетинде "Дене тәрбия" пәни оқытыўшылары ҳәм қызығыўшылық билдирген шахсларды шахмат бойынша қысқа мүддетли курсларда қайта таярлаў ҳәм қәнигелигин асырып барыў саласын енгизиў, тийисли оқыў дәстүрин ислеп шығыў.<br>5. Улыўма орта билим бериў мектеп оқыўшылары арасында шахмат бойынша жәмәәтлик **"Шахрух"** турнирин шөлкемлестириў ҳәм өткериў.<br>6. Улыўма орта билим бериў мектеп оқыўшылары ҳәм "Дене тәрбия" пәни оқытыўшылары арасында шахмат бойынша республика бириншилигин өткериў. | 2021-2022-оқыў жылынан баслап<br>2021-жыл май<br>2021-жыл июль<br>2021-2022-оқыў жылынан баслап<br>Ҳәр жылы октябрь айында<br>Ҳәр жылы декабрь айында | Орынлаўшылардың қаржылары<br>Сабақлықлар ушын ажыратылған бюджет қаржылары есабынан<br>Республика бюджети ҳәм қәўендерлик қаржылар<br>Орынлаўшылардың қаржылары | Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министри орынбасары (А.Худайбергенов),<br>Өзбекстан «Ёшлик» ДТСЖ Қарақалпақстан бөлими баслығы орынбасары (Б.Байниязов),<br>Район (қала)лық ХББлери баслықлары<br>Басқада тийисли тараў шөлкемлери менен биргеликте |

Қарақалпақстан Республикасы
Халық билимлендириў министрлигиниң
2021-жыл 5 -февраль күнги
35 -санлы буйрығына
2 – қосымша

**Халық билимлендириў тараўында шахматты 2025-жылға шекем раўажландырыўдың мақсетли көрсеткишлери (индикаторлары)**

*(Тийкар: Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2021-жыл 18-январь күнги 12-санлы буйрығы)*

| № | Көрсеткишлер | Өлшем бирлиги | Жыллар кесиминде | | | | | Жуўапкер орынлаўшы |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | 2021 | 2022 | 2023 | 2024 | 2025 | |
| 1 | Улыўма орта билим бериў мектеплеринде шахматқа оқытыў мақсетинде "дене тәрбия" пәни оқытыўшылары ҳәмде қызығыўшылық билдирген шахсларды шахмат бойынша қысқа мүддетли курсларда қайта таярлаў ҳәм қәнигелигин асырып барыў | Сан (қамтып алынатуғын оқытыўшылар санына салыстырғанда) | 300 | 620 | 880 | 1600 | 2000 | Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министри орынбасары (А.Худайбергенов),<br>Өзбекстан «Ёшлик» ДТСЖ Қарақалпақстан бөлими баслығы орынбасары (Б.Байниязов),<br>Кадрларды таярлаў, қайта таярлаў ҳәм қәнигелигин асырыўды муўапықластырыў орайы (Б.Диланов),<br>Район (қала)лық ХББлери баслықлары,<br>Республикалық улыўма орта билимлендириў мәкемелери директорлары |
| 2 | Улыўма орта билим бериў мектеплериндеги класслардың санынан келип шығып (1-4, 5-9, 10-11-класс) оқыўшылар арасында мектеп, район (қала), республика көлеминдеги турнирлерди шөлкемлестириў ҳәм мектеп оқыўшылары арасында шөлкемлестирилетуғын халықаралық турнирлерде, олардың мүнәсип қатнасыўын тәмийинлеў | Пайыз (%, улыўма орта билим бериў мектеплериндеги жәми оқыўшылар санына салыстырғанда) | 1,5 | 3 | 5 | 8 | 10 | |
| 3 | Улыўма орта билим бериў мектеплериниң оқыўшылары ҳәм "дене тәрбия" пәни оқытыўшылары арасында ҳәр жылы шахмат бойынша республика биринщилигин өткериў | Пайыз (%, улыўма орта билим бериў мектеплериндеги жәми шахмат оқытыўшыларына салыстырғанда) | 15 | 30 | 40 | 50 | 75 | |